АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№45 (10091)
РУЗМАН
10 ноябрь
2023 сон
26 РАБИГIУЛЬ-АХИР
1445 СОН

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ

## КIоченаро нуж, улкаялъул бахIарзал

*Дагъистаналъул лъимал,*
*Улкаялъул бахIарзал,*
*Нуж бахIарго хваралги*
*ЧIаго нахъе ругелги*
*Нуж рагъда хутIаралги*
*Рагъдаса руссаралги*
*МугIрул ругебгIан мехалъ*
*МугIрузда кIоченаро.*

**Р.ХIамзатов**









Рагъул бахIарзал ракIалдещвеялъе ах рагъулеб тадбир тIобитIана араб рузман къоялъ ХIебда.

Гьеб тадбиралъ райцентралъул гIагарлъухъ данде ракIарун рукIана чIварал васазул хъизанал, гIагарлъи, районалъул нухмалъулел, районалъул имам ГIизудин ГьитIинажоев, руччабазул Советалъул нухмалъулей У.ГIалибегова, районалъул идарабазул хIалтIухъаби, юнармиялъул къокъа ва цогидал. ТIаде рачIарал гьалбазда гъорлъ рукIана ДРялъул рохьил магIишаталъул комитеталъул председатель Вагьаб ГIабдулхIамидов, ДРялъул бетIерасул контролияб управлениялъул нухмалъулев Темирлан Шабанов, Хунзахъ районалъул бетIер НурмухIамад Задиев ва цогидал гьалбал.

Районалъул бетIер М.ХIасановас ах рагьиялъул бицунаго баркала загъир гьабуна бахIарчияб гIамалгун къадруял васал куцарал улбузе. – Щибаб заманалъул рукIуна жиндирго багьадурзаби. Гьал гIолохъаби нилъер ракIазулъ хутIила жакъасеб къоялъул бахIарзаллъун,- ин абуна гьес.

РакIалдещвеялъул ах букIине буго рагъулал лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIазул цIарал цIунулеблъун гуребги, нацизмалде данде къеркьеялъул гIаламатлъунин абун, гьеб иш кIвар бугеблъун букIин загьир гьабуна жиндирго кIалъаялъулъ республикаялъул бетIерасул вакил Т. Шабановас.

Патриотикияб къуват цIуниялъе рагIабигун кIалъана ГIасаса рагъухъан (м.ч) МухIамаднур КъурамухIамадовасул яц Хамиса КъурамухIамадова, мобилизациялда рекъон арав СВОялъул гIахьалчи ГIумарбек ХIадисов. Юнармейцаз цIалана рагъда чIваразе гьарурал кучIдул.

Официалияб кIалъаял лъугIигун районалъул имам ГI.ГьитIинажоевас гьабуна гьитIинабго вагIза ва хваразул рухIалдасан дугIа цIалана.

Пачалихъалъул тIалабал тIуралаго бахIарчияб хвел босаразул хIурматалда гьениб эхетун бугеб памятникалда мемориалияб хъарщи рагьана районалъул бетIерас ва гьалбаз, лъуна тIугьдул.

ГьутIби чIеялъулъ гIахьаллъи гьабурал чIварал васазул гIисинал лъимал рихьидал, пашманлъиялъул асар хутIичIев чи вукIинчIо тадбиралда. ГьитIиналгун кIудияз, киназго лъуна жидерго бутIа гьутIби чIеялъулъ. Хадубккун гьеб ахалъул тIалаб гьаби тIадкъана ХIебда школалъул лъималазда.

ТIаде рачIарал гьалбазе ва рагъухъабазул гIагарлъиялъе ХIебда школалда хIадурун букIана гIодобчIейги. Гьенирги гьаруна ракI батизабиялъе кIалъаял ва районалъул «Кинабго фронталъе. Кинабго Бергьенлъиялъе» фондалдаса чIварал васазул хъизаназе къуна гIарцулал сайгъатал. КIудияб кумек ва гIарцулаб кверчIвай иргадулаб нухалъ гьабуна нилъер районцояв Вагьаб ГIабдулхIамидовас. Гьесие ва районалъул нухмалъулезе баркала загъир гьабуна чIварал васазул улбуз: «ГьитIинаб буго-ниги ниж ракIалде щун гьабураб бербалагьиялъги кIудияб хинлъи кьола ракIазе, гьал нижер васаз тараб лъалкI кIочон теларин абураб хьулги бижизабула».

**ТI. МУХIАМАДОВ**

■ БАРКИ

## МВДялъул хIалтIухъабазул къо




ХIурматиял жанисел ишазул министерствоялъул хIалтIухъаби ва ветеранал! Баркула улкаялдаго 10-леб ноябралъ кIодо гьабулеб нужер профессионалияб байрам- жанисел ишазул хIалтIухъабазул къо!

ЗахIматаб ва жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIуе гIумру кьолеб буго нужеца. Нужер рухIалда барахщичIого гьабулеб хъулухъ буго районалда гIадлу-низам цIуниялъул аслулъун. ТIаса бищараб махщалие ритIухълъи цIунун, хъулухъ гьабулаго ва хIинкъи гьечIолъи цIунулаго гIумру къурал хIалтIухъаби даим кIоченаро нилъеда.

Районцояз кидаго бетIер къулула нужерго гIумруялъухъ балагьичIого, намус бацIцIадго жидерго хIалтIи тIубазабулел полициялъулазе. Ниж чIухIарал руго нужер хIинкъи гьечIолъиялдаса, къо хIехьеялдаса. Гьал киналго хасиятал нужер щивасул чорхолъ щулалъаги, гьабулебщинаб данде билълъаги.

Шамил районалъул жанисел ишазул отделалъул коллективалъе Полициялъул хIалтIухъабазул къоги баркулаго, дие бокьун гьаризе чорхое щулияб сахлъи, рохел, ВатIаналъе хъулухъ гьабиялъулъ чIахIиял бергьенлъаби! Кире аниги, нух битIун, ракI бохун руссаги нуж!

**Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ**

■ СПОРТ

## Суракъат Асиятиловасул цIаралда 50-леб турнир

**Политикиял хIаракатчагIигун жамгIиял церехъаби кIодо гьарун, къватIазе, лъайкьеялъул идарабазе цIарал кьей, спортивиял тадбирал ва гIелмиял конференцияби тIоритIи гIадатияблъун буго. ГIолилазе ва гIелбащадазе кинабго рахъалъ мисалиявлъун вукIарав, нилъер ракьцояв, политик, спортсмен ва жамагIатчи Асиятилов Суракъат ХIавалович ракIалде щвезавун спортивияб байрам тIобитIана 4-5 ноябралда ХIебда ДЮСШялъул залалда.**




Исана 50-абилеб нух буго Суракъат Асиятиловасул призалъе гIоло эркенаб гугариялъул халкъазда гьоркьосеб кIваралъул рагьараб турнир тIобитIулеб. Дагъистаналъул шагьараздасагун районаздаса, РФялъул регионаздаса 90-ялдаса цIикIкIун спортсмен гIахьаллъараб гьеб сверана унго-унгояб спорталъул байрамалде.

(Ахир 2-леб гьум)

■ СПОРТ

# Суракъат Асиятиловасул цIаралда 50-леб турнир












**(Байбихьи 1-себ гьум)**

Турниралда гIахьаллъаразда гъорлъ рукIана Болъихъ, Казбек, Шамил районазул, МахIачхъалаялъул ШВСМалъул, СагIадулаевасул, Гамидовасул цIаралда ругел спортшколазул, Санкт-Петербург ва Хасавюрт шагьаразул, Ингушетия ва Чачан республикабазул командаби. Анкьго батIияб цIайиялъул гугарухъабаздасан гIуцIун букIана Шамил районалъул командаги. Къецал ана тIадагьаб – 48 килограммалда, бакIаб – 97 килограммалда цIайиялъул гугарухъабазда гьоркьоб.

Данделъараздехун баркиялъул кIалъайги гьабун Суракъат Асиятилов ракIалде щвезавиялъул республикаялъулаб турнир рагьараблъун лъазабуна Шамил районалъул бетIер МухIамад ХIасановас, ДРялъул туризмалъул министрасул заместитель ГIабдула МухIамадовас, Суракъатил васасул вас Герейханица, Олимпиялъул хIаязул мазгарул призер МухIамад Нуровас ва цойги хIурматиял гьалбадерица.

«Щибаб къойилаб адабхIурматалъеги рецц-бакъалъеги мустахIикъав вуго нилъер ракьцояв, жиндир заманалда ДРялъул Халкъияб Собраниялъул комитеталъул нухмалъулевлъун вукIарав, республикаялъул политикиябгун жамгIияб гIумруялда бихьулеб лъалкI тарав гIуцIарухъан, Дагъистаналдаса эркенаб гугариялъул рахъалъ СССРалъул тIоцевесев чемпион ГIурадаса Суракъат Асиятилов»-ян абуна жиндирго кIалъаялда МухIамад ХIасановас.

Къецал ана цIакъго хIалуцун, щивасул бергьенлъиялде бугеб таваккалгун. Нилъер районалдаса жидежидер цIайиялда чемпионаллъун рахъана ГIали Нуров, Шамил-имам ХIажилаев ва ГIарипхIажи ГIабдулаев, призераллъун рахъана ХирамухIамад МахIмудов, Залумхан МухIамадов ва МухIамадзакир ХIусенов.

Турнир тIобитIиялъе квербакъун сахаватчилъи гьабуна райадминистрациялъ, Суракъат Асиятиловасул гIагарлъиялъ, республикаялъул спорталъул министерствоялъ. Турниралъул гIахьалчагIазе ва гьалбадерие чIезарун рукIана рега-рахъиялъул, квен-тIехалъул киналго шартIал. Къецазда гьоркьоб районалъул маданияталъул отделалъ бихьизабуна бечедаб цеерахъин. Бергьенлъи босаразе ва призеразе кьуна лъикIаб къадаралъул шапакъаталги.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Юнармейцазул бергьенлъи

**7 ноябралъ Хьаргаби районалда тIоритIана гIолилазул рагъулабгун патриотикиял къецал «Зарница». Гьеб букIана мугIрул районазда гьоркьоб зоналияб этап.**



Иргадулаб нухалъ лъикIаб байбихьул рагъулаб хIадурлъи бихьизабуна гьениб нилъер районалъул командаялъ. Команда гIуцIун букIана ХIебда ва Гьоориб школазул цIалдохъабазул. ОБЖялъул мугIалим Юнус Юсуповасул цIалдохъаби кидаго рукIуна цересезул кьерда. Араб соналъги исанаги гьез зоналда босана 1-себ бакI.

Бергьенлъи босараб команда г1ахьаллъизе буго Мах1ачхъалаялда т1обит1изе бугеб хадусеб этапалдаги. Гьарула Юнармейцазул командаялъе хадубккунги бергьенлъаби ва цебетIей.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ ТАДБИРАЛ

# ГIурада жамагIаталъул дандчIвай

**Арал къояз ГIурада росулъ маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана росдал жамагIаталъул дандчIвай. Жакъасеб къоялъул кIвар бугел суалал –митингал гьариялдалъун республикаялъе гьабураб заралги, чанго гIолилалъун урггъичIого гьабураб галиялъул къезе ккараб жавабчилъиги бихьун, гьединал ишал хадубккунги риччангутIизе ва рухIияб рахъ цIубазабиялъул мурадалда тIобитIана гьеб тадбир.**



ДандчIваялда гIахьаллъи гьабизе щвана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, росдал бегавул, имам, жамгIиял хIаракатчагIи ва санайилаб Шамил районалъул футболалъул лигаялъул исанисел чемпионал-ГIурада росдал футболалъул команда.

Данделъараз кIудияб разилъи загьир гьабуна тIобитIараб мунпагIатаб тадбиралдаса, къабул гьаруна цIикIкIараб гIелалъул малъа-хъваял ва сахаб гIумруялде гIолилал цIазе мурадалда жеги цIикIкIун росулъ спортивиял тадбирал гьаризе хIукму гьабуна гIахьалчагIаз.

КIалъазе рахъараз росдал футболалъул командаялда баркана районалда тIоцебесеб бакI щвей. Гьединго гIолилазе насихIатал гьаруна цо гIагараб росулъ ва районалда гуребги, кир ругониги къануназда данде кколарел тадбирал(митингал) гьариялдаса гIадамал цIунизе, питнаялде гьусулел гьиназда(соцсети) нахърилълъинчIого рукIине жидедаса бажарараб гьабизе.

ГIурада росдал жамагIат цолъиялъе, гьенир санагIалъаби гьариялъе ва спорт цебетIеялъе квербакъулеблъун лъугьана данделъи. Тадбиралъе ахир лъуна гIаммаб дугIаялдалъун.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

# ГIАДАНЛЪИ БЕРГЬАРАЙ ТОХТУР



“ЧIаго ругебгIан мехалъ гIадамазда гъорлъ гIадамаллъун рукIине ккола”. Гъале гьаб биценалдаса байбихьана Муъминатица диргун гьабулеб гара-чIвари гIумруялъеги, гIумруялде рахаразеги къимат кьолаго. Дир гIумруги ана гIадамазе бажарараб кумекги гьабулагоян абуна гьелъ. Араб гIасруялъул лъабкъоабилел санал рукIа, росгун цадахъ МахIачхъалаялда цIалулел, гьениса лъугIигун ХIебда хIалтIулел санал рукIа, къанагIатги къо унароан гьобол-гьудул нижехъ рещтIинчIеб, рукIана къоял чанго гьобол цадахъги щвараб. БатIаго бигьалъиги букIинчIо цо рукъги гьитIинабго коридорги бугел нижее -студентазе гьалбал рачIиндал, ХIебдани рукъги чанго букIана. Кин бугониги, жакъа дун чIухIун ва йохун йиго кигIан рес гьечIеб мехалъги гьалбадерие хъулухъ гьабизе щвеялдаса. Гьел рагIаби рукIана Муъминатица чанго нухалъ гьелъулгун гара-чIвариялда вукIаго рехсолел. Дицаго хIисаб гьабуна гьоболасе хъулухъ гьабизе щвей гуребги, гьей йикIанин унтаразул адаб-хIурматги бугей, жиндаса унтаралги кидаго гIемер разиги рукIуней тохтурилан. Батизе бегьула пачалихъалъ кьун харжгун тараб мехалъ, гьеб гьабизе тIадаб налъилъун гьелъ рикIкIунеб букIинги. Амма киналго гуроха тохтурзаби гьединал рукIунел. Халатаб цеберагIиялдаса къокъабго гьелъул гIумруялъул бицун лъикI. Муъминат ккола Къелеб мухъалъул Сомодаса. Гьей ккола росулъа тIоцее тIадегIанаб лъай щварай тохтурги. Бигьаго букIинчIо гьелъул гIумрудул байбихьи.

4 сон барай яс йикIана гьей 1949 соналъ эмен къадаралде щвараб мехалъ. Макьилъ гIадин цеве чIолаанила гьев. Ункъго яцазда гьоркьой гьей йикIана лъабабилей. Эмен Дибир вукIана коллективизация гьабиялъул цевехъан, хадув къадаралде щвезегIан хIалтIана росдал Советалъул председательлъунги. Гьев вукIун вуго рагIи билълъарав магIишатияв гIуцIарухъанги, кигIанго гьукъун бугониги, как-кIал толарев бусурманчиги. Хъулухъалъулаб ишалъ гIемер хьвадизе кколев вукIун вуго КъахIиве данделъабазде. Цо-цо мехалъ кватIулев вукIун вуго. Гьединаб мехалъ КъахIив райкомалъул секретарьлъун вугев Мачил ГIалица бадибчIвай гьабулеб букIун буго. Гьеб мехалъ Дибирица абурабила Дибирни дибир вукIина, амма МачилгIалил щибдай букIина Аллагьасда цебе дове щвейгунилан. Гьеб бицен тIибитIун букIана районалдаго. ЗахIматго унтарав гьес абурабила жинца гьал лъимал васигат гьабун Аллагьасде толел ругилан. Гьединав ритIухъав, гIаданлъи-намусалъул рахъалъги цеве ккарав гьев вукIиналъ батила инсул хасият Муъминатие щварабги.

Росулъ байбихьул школа лъугIигун, Муъминат гьитIинай яц Чамарсакгун цадахъ цIализе ана КъахIиб бугеб ясазул школа-интернаталде. ЦIализе лъикIай йикIиналъ, гьей йикIана ясазул советалъул председатель. Школалъул комсомол организациялъул цеехъан хIисабалда гьей йитIулей йикIана Артекалдеги. ТIадегIанал къиматазда школа лъугIарай гьелъул анищ букIана тIадегIанаб лъай босизе шагьаралде ине. Амма киеха йиччалей эмен гурей вац гурей гIолилай? Гьелъул цIалуде бугеб хIасрат бихьулеб букIана эбелалдаги. Кинго гьей къуркьичIеб мехалъ гIагарлъиялъ хIукму гьабуна цин росасе кьезе, гьеб мехалъ цIализеги йиччазе. Йосана гьей мед-институталде, хадусеб соналъ рос ХирамухIамадги лъугьана гьениве. Бицине ккеларо тIаса камуларел гьалбалги, гьитIинаб лъимерги букIун бихьараб захIматалъул. Амма лъугIана лъикIаб хIасилалда. Институт лъугIигун, доб мехалъ вукIарав ректор М.Макъсудовас гьалда цебе лъуна Россиялъул лъабго регионалдаса бокьараб тIаса бищеян. Амма кинха иней. Росни тезе бегьилаан, васги вукIана унтун больницаялда. Доб букIана Дагъистаналда ракь багъари ккараб сон. Гьеб сабаблъун республикаялда хутIулел 22 выпускниказда гьоркьой лъабабилей хъван ятана Муъминатги. Гьанже районалде йитIизе кумек щвана гьелъие ТIидиса Ибрагьимидасаги ва дол соназ республикаялъул комсомолазул нухмалъулев ГIабдуразакъов МухIамадидасаги. Ахириседа гьей лъалей йикIаралъул, КъахIий цIалулеб мехалъго гьей комсомолазул цеехъан йикIун.

ТIоцее хIалтIана терапевтлъун, хадуй окулистлъун. КватIичIого йитIана цIализе УЗИ-тохтурлъун. Муъминатица ракIалде щвезабуна: “Дол соназ районалда вукIана 163 рагъул ветеран. Гьезул кидагосеб сахлъиялъул хал гьабизе, гьезие хIажатал дараби щвезаризеги дида тIадкъан букIана. Дараби хъварал гIечIого, гьел аптекаялдаса росун гьезухъе щвезаризеги дунго унаан. Гьез дир кIудияб къиматги гьабулаан”. ЦохIо рагъул ветераназ гурейги, гьелъул къадру гьабулаан районцоязги. Гьелъул лъикIаб хасият букIана цохIо унтуда хурхарал гурелги, гIумруялъе хIажатал пайдаял малъа-хъваял кьолеб. Медицинаялда аби буго унтарасулгун калам гьабун хадуб, гьесие бигьалъи лъугьинчIони, гьев чи тохтур гурилан. Цойгидаздехун бикьизе щвечIеб ургъел-къварилъи гьелде бикьулаан.

ЦохIо тохтур гурейги гьей йикIана районалъул гIумруялда гъорлъ жуярай гIадан-районалъул руччабазул Советалъул председатель, райСоветалъул депутат. КиналгIаги байрамазда ва цогидал данделъабаздаги кидагосеб гIахьаллъи букIунаан ва гьений кIалъазеги яхъулаан. Больницаялда хIалтIулаго кабинеталъул столалда цIорода гъоркьги лъун, гьеб хIалтIи тедал, рокъоб гьабураб хIалтIул кабинеталдаги гьединго лъун, цIунун буго гьелъ районалде Расул ХIамзатов вачIараб мехалъ гьесулгун бахъараб сурат. Гьелда хурхун Дибировалъ абуна жий йикIанин райбольницаялдаса Расул депутатлъун вищизе божилъи гьабурай гIадан. Ниж рукъалъ рукIана райкомалъул 1-сев секретарь М.ГьитIиновасул рукъалда мадугьалихъ. Гьесул чIужу ГIайшат ячIана Расул вачIун вугин (ЛъаратIаса гъоркьеян ккола), гьев унтунги вугин, жиндие урба кьеян абулеб бугин. Нижер доба урбаги гьечIин. Урбаги босун йилълъана дое. Жиндие дараби хIажат гьечIин, жиндие урба кьеян вуго Расул. Гьебго къоялъ данделъиялдаса хадуб дие рес щвана Расулил кучIдул магнитофоналда хъвазеги. Районалда букIана Думаялде депутатал рихьизарулеб данделъи. Гьезул рукIана кIигоял, М.ТIолбоев ва цоявги. КIиабилесул рахъ ккун гIемерал чи кIалъана, ТIолбоевасул рахъалъ кIигоял гурони кIалъачIо. Дида рагIун букIана гьев Сугъралъа къелдерил тухумалъул чи вугилан. Гьений яхъана дун кIалъазе. Гьеб мехалъ абулеб рагIана гьанже Муъминат Бураналда рекIун анилан. Муъминатил къадру-къиматалъул бицуна гьелъул сурат ХIурматалъул хъорщода кидаго букIиналъги. Гьей ккола СССРалъул сахлъи цIуниялъул отличник, ДРялъул мустахIикъай тохтур. Гьелъие щун букIана ЦК ВЛКСМалъул тIадегIанаб шапакъат. Чанго нухалъ гьелъ гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул руччабазул съездазда. Гьелъул хIалтIи лъаялъул бицуна окулистлъун хIалтIулаго гьелъ республикаялде ритIизе ккарал унтаразул диагноз гьоэги хисизабизе ккечIолъиялъ. ХIурмат гьабулаан гьелъул республикаялъул окулистазги.

ХIалтIул махщел борхизабизе гьей цIалана Ставропольалда, Пензаялда, Астраханалда. Гьелъул буго тIадегIанаб категория. ГIумруялъул рарал соназ 1973 соналдаса нахъе 63 соналъ медицинаялъул халгIат тIаса бахъичIо гьелъ, гьездаса 50 соналъ хIалтIана окулистлъун. Рарал саналги рорцун, кигIан хIалтIи гIайиб гьечIого бажарулеб букIаниги, гьей нахъе ана хIалтIудаса. Нахъе аниги, гьелда ракIалде ккана чIаго йигебгIан мехалъ щай дица хIажатазе кумек гьабизе бегьуларебилан. Жиндирго рокъоб гьелъ гIуцIана кабинет. Гьениб чIезабуна унтарал къабул гьаризе шартIалги. БукIаян абе чIобого гьабулеб кумек ахираталда пайдаялъе батизеян. Мех цIехечIого бокьараб ригалъ рачIаниги, гьей хIадур йиго берал унтаразе кумек гьабизе. Рехсезин гьелъ абухъе ахиралда гьелъул кумек щваралги. Закаталаялдаса рачIун руго рос-лъади. Дица гьезда бичIчIизабулеб буго багьаял ва учузал дараби, гьаризе кколеб куц. Заман ингун ахIун бачIана баркала загьир гьабун. ЛъаратIе нух бахъулеб бакIалда хIалтIулев вачIана бадиб маххул гьитIинаб кесекги къан. Бахъана гьебги, эхеве витIизеги ккечIо. Цо къородисевги вачIана къвагьулеб жоялъ берги лъукъун. СагIатгун бащадалъ хъишардана дун ракьудаса ва цойги чороклъиялдаса бер бацIцIад гьабулаго.

Гьединал мисалал гIемерал рукIуна. Щиб ккезе лъалареб гьаб заманаялъ бегьараб кумек гьабиялдаса тIадегIанаб щибха букIинебилан абула гьелъ. Муъминатил руго жийго гIадин гIадамазе пайдаял хъизан-рукъги. Рос ХирамухIамад пенсиялде инегIан хIалтIана ХIебда ва Хунзахъ баклабораториязда. Вас МахIачица гIемерал соназ нухмалъи гьабуна районалъул Санэпидстанциялъе. Гьанже хIалтIулев вуго Пятигорскиялда геренжазул кумекалдалъун унтаби сах гьарулаго. Яс Алжанатица босана эбелалъул махщел. Гьей беразул тохтурлъун хIалтIулей йиго Астраханалда. Дибирова Муъминат гIадал росдаеги, районалъеги ва гьеб тун къватIибеги мунпагIатал жийгоги, хъизан-лъималги рахъи унго-унгояб талихI гьечIищха? Жеги гIемер соназ инсанасе кумек гьабизе бажаруледухъ тайги мун беразул мухIканай тохтур.

Сайпула
ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

*ХIурматияб редакция!*

*Будунова Гузунай ккола Шамил районалдаса, гьей гIемерал соназ хIалтIулей йиго Гъизилюрт шагьаралъул ЦРБялда поликлиникаялда перевязочный кабинеталъул медсестралъун. Гьелъ ракIбацIцIадго ва махщалида тIуразарула жиндаго тIадал ишал, унтаразги ва больницаялъул коллективалъги гьелъул кутакалда хIурмат гьабула.*

*Пенсиялде аниги, гьелъ махщалида тIубазабула жиндиего бокьулеб иш.*

**Медицинаялъул сестра Гузунай Будуновалде**

Гьабулеб гIемерай,
Бицунеб дагьай,
МагIарда тIегь гIадай,
ТIадмагIарулай.

Йихьизе гьайбатай,
Хабар гьуинай,
Гьурмада нур бугей,
Намус бацIцIадай.

МагIарул халкъалъул
ГIадат цIунарай,
БитIараб бокьулей,
ТIекълъи рихарай.

ХIакимасда цее
БетIер къуличIей,
Чванта бицатазул
Гьудуллъи кквечIей.

Аллагьас тIад лъурал
Фарзал тIуралей,
Унтараца жиндир
ХIурмат гьабулей.

Жинда тIадал ишал
ТIуразаризе,
ТIолго рухIги, жанги
Жиндица кьолей.

Гьудул-гьалмагъзаби
Жиндир гIемерай,
ГIагарлъи хирияй,
Гьалбал рокьулей.

Дуца ракIбацIцIадго
Гьабулеб хъулухъ,
Киназдаго лъала
КIочон толаро!

ГIемер соназ хIалтIун,
ХIалбихьи щварай,
Чанго шапакъат кьун,
КIодо гьаюрай!

Кьеги дуе сахлъи,
Халатаб гIумру,
Рохел камугеги
Дур азбаралда!

ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ,
Россиялъул журналистазул ва хъвадарухъабазул союзалъул член, захIматалъул ветеран, «СССРалъул сахлъи цIуниялъул отличник», «ДРялъул мустахIикъав тохтур», «ДРялъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи». Гъизилюрт шагьар

■ СПОРТ

# ХIотода футболалъул турнир



**Арал гIодоркъояз районалда тIобитIана цойги спортивияб тадбир. Россиялъул халкъал цолъиялъул къоялде тIоритIарал тадбиразулъ рехсезе бегьула гьебги, нилъер гIолилал гъункизарулеблъун букIиналъ спорт, ва хасго ахириял саназ цебетIун бачIунеб бугеб футболалъ районалъул росабазул лъикIаб гьоркьоблъи куцалеб букIиналъ.**

5-леб ноябралъ ХIотода росулъ жидерго росуцояв, спортсмен ГIумаров МухIамад ХIажиевич ракIалде щвеялъе футболалъул турнир тIобитIана.

ХIотодаса МухIамад ГIумаров вукIана гьитIинаб къоялдаса нахъе профессионалияб хIалалъ футболалъе куцалевлъун. ГIемерал саназ вукIана «Динамо» клубалъул футболистлъун.

Районалъул чанго росабалъа командаби гIахьаллъараб турнир ккола санайилго гьабулеблъун. Гьениб гIахьаллъи гьабуна тадбир гIуцIараллъун рукIарал ГIумаровазул хъизаналъ, росдал бегавулас ва гIолохъанал спортсменаз.

ГIолилазулъ патриотикияб тарбия куцай ва гьел сахаб гIумруялде руссине мурадлъун букIараб футболалъул турнир тIобитIана кIудияб гьираялда ва гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда.

Бергьенлъи босана ГIурада росдал командаялъ. Гьезие ва цогидал бергьенлъиялъул бакIал ккурал командабазе кьуна шапакъатал ва къиматал сайгъатал.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ГОЧС ВА ЕДДСАЛЪУЛ ЛЪАЗАБИ

## ЦIадул балагь кIудияб буго

Хаслихъе квач цIикIкIанагIан гIадамаз жаниб гIумру гьабулел минаби хинлъизарула батIи-батIияб къагIидаялъ. Жакъа тIурччи-цIуладасаги цIикIкIун, гIемерисел гIадамаз пайда босула токалъ минаби хинлъизарулел алатаздасан. Гьаб ахирисеб 2-го анкьида жаниб, ай 25 октябралдаса 6 ноябралде щвезегIан районалъул 3-го росулъ (Гьолокь, Гьоор ва Гьоор-Хьиндах) цIа ккана 3-го минаялда, ва къелдерил ракьалда бухIана мегIер. 25-леб октябралъ рогьалилъ Гьолокь росулъа ГIабдуламухIамадил бухIана тIубанго мина, гIицIго эхетарал къадал хутIана. Киналго цIа ккарал минаби руго токалъул алатаздасан ккарал. Рокъоре рачарал токалъул кварал, включателал, розеткаби, вилкаби, токалъул пучдул, люстра-чирахъал ва цогидабги токалъ хIалтIулел рукъалъул алатал рукIине ккола мухIканал ва жагъаллъи гьечIел. Лъималаздаса рикIкIад цIуне спичкаби ва хехго цIа рекIунел алатал. ЛъикIаб букIина щивас рокъоре росизе огнетушителал, руго мокърукь ва къеда базе бегьулел пожарный извещателал. Гьел гIемер хириял алатал гуро, багьа буго гьезул 500 гьур. ва 800 гьур.. Токалдасан, яги тIурччи-цIулалъул печалдасан, яги лъимал-чиязул тасамахIлъиялдасан цIа ккун рухIарал хасал минабазе хIукуматалъул рахъалдасан кумек дагьаб букIуна, законалъ гIайибияв валагьула.

РацIцIалъи гьабулеб бугин, лъикIаб бижизеян бухIизе бегьуларо бакъвараб хер. Зарал цIакъго кIудияб буго гьелъул. Кинабго гIисинаб рухIчIаголъи хола, батIи-батIиял хурдул тIагIуна, гIадамазул кули-ракь ва мина-къайиялъе зарал ккола, тIаде гIолеб рохь-гъутIби рухIула, цIакъго чIахIиял мугIрул-гIалахал ва рохьал рухIула. ГIелмуялъ, законалъ ва шаргIалъ цIаял ракизе гьукъараб буго. Нилъер мугIрул, гIалахал ва рохьал цIикIкIунисеб къадаралда пожарный машина бачиналъе нухал гьечIел, гIагарда хIажаталъе лъим гьечIел, жеги гIадамал лъелго хьвадизецин захIматал бакIазда руго. Цадахъго росаби, жамагIат бахъун хIалтIаниги, мугIрузда, рохьазда рекIараб цIа свинабизе захIмалъула.

Законалъул тIалабалги кьварарал руго бакъвараб хер бухIиялда тIасан. «Об административных правонарушениях» ч. 1 ст.20.4 Кодексалда рихьизарун руго: юридическиял идарабазда чIахIиял штрафал -400 азаргоялде щвезегIан, должносталда ругезе – 30 азаргоялде щвезегIан, гражданазе – 20 азаргоялде щвезегIан. Май моцIалдасан байбихьун райадминистрациялъ хасаб хIукмуялда бихьизабун буго «Особый противопожарный режим» абураб лъазаби. Гьеб хIукмуялъул тIалабалда тIадехун рехсарал штрафал кIиго нухалъ цIикIкIуна. Бакъвараб хер бухIиялдалъун гIадамазул буголъиялъе кIудияб зарал ккани, уголовияб тамихIалде цIазе рес буго, жанир тIамиялде щвезегIан.

ЦIадул балагь кIудияб буго, гьелдаса цIунизе цIодорлъи гьабе!

**З. РАМАЗАНОВ**

■ ГЪАЛАТIАЛ ВА РИТIИЗАРИЯЛ

**№44-леб «ЦОЛЪИ» газеталъул кIиабилеб гьумералда кьураб «ОБЪЯВЛЕНИЕ** о приеме документов для участия в конкурсе на замещение должности заместителя главы Администрации МО «Шамильский район» РД» материалалда 5-леб пунктalda техникияб гIиллаялдалъун гъалатI ккун буго, 27.11.2023г хъвазе кколеб бакIалда 27.07.2023г хъван ун буго басмаялде.

5. Начало приема документов для участия в конкурсе 07.11.2023 года, окончание – 27.07.2023 года -ян хъвараб бакIалда букIине кколаан окончание- 27.11..2023 года абун хъван.

**Редакция**


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал-ги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50